NOMER EXTRA

„SIPATAHOENAN"

FILM PAGINA

20 FEBRUARI 1931 — I SAWAL 1349

# SIPATAHOENAN NINGKAH.

Sadjabina ti kedah [illegible] dina [illegible], richtingna Sipatahoenan oelah loeak-leok, redactie gadoeh [illegible], [illegible] atawis noe maraos teh aja noe kagoengan kapalaj anoe patentar sareng [illegible] direct sareng redactiena. Tjeuk ieu kedah kieu, tjeuk itoe kedah kitoe, [illegible] moal sami, malah moal matak heran oepami kana afleveringna [illegible] SIPATAHOENAN NINGKAH, njebatkeun olo-olo make ngajakeun filmpagina sagala.

Noe maraos!

Rehna dagblad Sipatahoenan teh hidji Algemeene Nieuws blad, moal lepat deui tangtos aja noe sok ngabandingkeun kana [illegible] sanes, oepamina kana Sin Po, Siang Po, Keng Po Bintang Timoer sareng [illegible], manawi saoer lezers anoe teu oeninga kana heureut pakeun kirang bahan mah, tangtos Sipatahoenan teh disebatkeun kirang rubriekna, kirang paginana, kirang lambaranana enz enz.

Moal, ...... koe red [illegible] dipoengkir, da [illegible] kitoe.

Kaloearna Sipatahoenan [illegible] ieu, dipapaes koe filmpaginna, sanes gadoeh maksad bade salamina ngajakeun eta pagina, [illegible] ieu mah moeng sakadar bade nembongkeun ka kia tanana aitos, kapan aja [illegible] bae oge ari koe tjapradja mah tiasa laksana.

Sanes [illegible] ?

Bintang Timoer saban [illegible] nganggo Krekot's Magazine, Sin Po sareng Keng Po nganggo filmpagina, kitoe [illegible] sanes diSoerabaja ka oerangna teu kedah djadi kaget, margi [illegible] mah dikaloearkeun [illegible] koe badan anoe kapitaal krachtig.

Naha oerang tias [illegible] ?

Tangtos tiasana teh, [illegible] aja piwaragadeunana tiasa ngajakeun eigen drukkerij sareng djabi ti eta, [illegible] parantos djagdjag waringkas.

Tarekahna ?

Dina paren Maart [illegible], waragad Sipatahoenan moegi diarenggalkeun, kangge minoehan fonds drukkerij tea



Fox Theatre di Washington noe katjida agrengna.

# VILMA BANKY, tetep benerna.



Vilma Banky teh hidji bentang film anoe kasohor lain meumeueusan. Ngarsana ngahiliwir seungit keambeu ka sakoelah tanah Amerika, oge ka bagian-bagian doenja sedjen, teu beda djeung pamili Talmadge atawa Pola Negri. Oge gadjihna saroea bae djeung bentang-bentang film pamili Talmadge djeung Pola Negri..

Koemaha ajeuna toesishna bentang film anoe sakitoe kasohorna saperti Vilma Banky?

Sigana bae lamoen oerang boga sangkaan, enja Vilma Banky teh hidji bentang film anoe sadjati teh, moal njalahan. Lain hidji bae, tapi loba djalma anoe ahli, naroeliskeun lalakonna bentang-bentang film, nja kitoe deui sadjarahna Vilma Banky, bentang ti nagara Hongarije. Tapi sakitoe deui, tjek Sammuel Goldwyn mah, doenoenganana Vilma, nepi ka taja hidji parabot anoe estoe meudjeuhna ka manehna.

Sakoemaha anoe geus remen ditjaritakeun, oerang Amerika mah kana tooneel teh, katjida pisan raresepna djeung arahli. Tjontona: Oepama hidji acteur oelin njekel rol djalma djahat atawa badjingan, hate oerang Amerika mah teu asa asa deui, mandangna ka eta acteur teh saperti ka djalma djahat enjaan bae. Lebah dieu soesah milihna, doeka bakat koe tooneelna aloes, doeka pedah oerang Amerika bae kana sagala sok kaleuwihan tea. Tah koe hate kieu teh sok redjeun oge matak ngaroeksak kana hate resep kana tooneel, sabahna oepama eta acteur noe geus njekel rol noe goreng teh, dina tooneel deui manehna njekel rol anoe hade, djadi satria atawa nonoman noe hartawan, boediman, bangsawan djeung djaba ti eta, koe oerang Amerika mah tara dipikaresep, nadjan sakoemaha sigana oge, da eta tjenah geus ngalampahkeun djahat, padahal moen oerang mah keur djadi badjingan toenil, keur djadi satria toenil, asa euweuh bedan. Tapi oerang Amerika mah keukeuh teu resep bae lamoen kitoe teh. Nepi ka toengtoengna, lamoen hidji acteur geus tooneel dina rol djalma goreng teh, engke di mana tooneel deui, koedoe njekel deui rol pantar kitoe oelah sabalikna. Tapi saenja-enjana mah kieu teh di Eropa oge geus kadjadian, waktoe aja tooneel di Plantage-chouwburg di Amsterdam, kira-kira meunang lima belas taoen katoekang. Harita noe ditjaritakeun teh lalakon „De koerier van Lyon of de noodlottige gelijkenis".

# JANET GAYNOR



JANET GAYNOR.

Sawatara taoen katoekang hidji kawawoehan famili Gaynor geus njarita jen Janet teh hidji awewe noe katjida geulisna sarta tangtoe dina kalangan film bakal djadi bentang koekoe, noe tjahajana gilang goemilang njsangan satoengkebing langit noe keur peek mongkleng boeta radjin,

Harita Janet masih keneh djadi boedak sakola di sakola pertengah diadjar getol sarta soehoed. tapi geus ngalobakeun ngalamoen noe lain-lain.

Barang barajana pertjaja, jen enja Janet teh boga bakat pikeun hiroep di kalangan film sarta teu disangka satoengtoeng ramboet ieu taksiran henteu njalahan, ber boekti pisan. Sanggeus tamat sakolana toeloej Janet noenda boekoe-boekoena toeloej indit ngadjoegdjoeg ka Hollywood hajang djadi actrice sarta dina ingetanana, hajang meunangkeun pagawean noe aja hartina djeung aja hargana,

Tina ngan oekoer djadi „extra" mimitina, kalah ka koe leukeun nadjan mindeng gagalna. lila-lila nja teu boeroeng hasil maksoedna, kalaksanakeun kahajangna, boektina nja manehna noe njekel hoofdrol dina film „Sunrise", „Seventh Heaven", „Street Angle" djeung „Four Devils".



Saha noe k.n i?



PANGANTEN ANJAR

Tetjan lila Douglas Fairbanks Jr. geus kawin ka Joan Grawford. Sajeuna dj ga noe loeloes roemoet teh saenjana, tapi . . . . . Noeroetkeun adat kabiasaan di Hollywood koe oerang bisa dikira kira.



PAUL MUNI alias LON CHANY

Noe katjaritakeun bisa mindah mindah roepa beungeut nepi ka sareboe roepa. Noe pangloehoerna roepa manehna anoe sadjati, noe tengah dina keur djadi oerang Asia, noe kentja oerang Parasman djeung noe katoehoe saperti padri.



LEILA HYAMS.

Leila Hyams teh hidji bentang anjar sanggeus manehna 5 taoen ka toekang digawe di kalangan film.

Dina productie „Sandra" kageulisanana geus kabitoemen koe roepa Barbara La Marr noe ajeuna geus euweuh dikieuna.

Koe sabab ajeuna aja film njoara tea, Leila Hyams manehna loempat deui ka pakalangan sarta ngabogaan sora noe teu kaelehkeun koe geulis beungeutna.



Douglas Mac Lean, Harold Lloyd djeung Ben Lyon keur nj rita dina toestel paranti narikeun soara.



JOYCE MURRAY.

Joyce Murray teh hidji extra girl model taoen 1929. Maneh na geus njekel extra rol dina film noe njoara, kaijida diparoe djina dina acrobatie danses.

# Kamadjoeanana fabriek film William Fox.



WILLIAM FOX

Doea poeloeh lima taoen ieu maatschappij ditjekelna koe William Fox sarta ajeuna masih keneh teroes neangan akal tarekah soepaja maatschappijna djadi oenggoel ti batoer nenggang ti sasamana. Oenggal taoen henteu lowong dina sadjero salawe taoen tea, maatschappijna beuki lila beuki tambah kaoentoenganana, kitoe deui kadjembaranana. Tetjan ngarasa aja taoen noe kaliwat noe koe manehna henteu dipake mikir, koedoe koemaha moeter moeterna pikiran soepaja eta kaoentoengan noe geus ngoenoeng ngoenoeng teh, djadi leuwih rea sarta maatschappijna soepaja leuwih beunghar.

William Fox geus mastikeun jen eta maatschappijna tea lain hidji paoesahaan speculatie sarta sabalikna lain hidji maatschappij noe geus diadegkeun dina impian, tapi ieu mah aja boektina nja eta hidji maatschappij noe geus diadegkeun koe kakoeatanana daki djeung kesang.

Di saamparing doenja ajeuna euweuh hidji djelema noe bisa njempad atawa ngabohongkeun kana enjana jen daradjatna William Fox geus aja di loehoer.

Pikeun taoen 1929—30 lain bae eta maatschappijna geus njieun pagawean anoe kaijida poharana, tapi oge geus saeejoenan sarta ngahidji sabiloeloengan nembongkeun personaliteit noe katjida popoelerna tina hal film, teu ngingetkeun hese tjapeung banggana dina waktoe nagawena, sarta ajeuna dina oenggoel perijobaan geus meunang poedjian.

Koe ditambahna toekang ngarang noe pinter sarta organisatiena noe kaijida hadena tea, kitoe deui geus bisa ngoempoelkeun mangpirang pirang awewe djeung lalaki dina tempo anoe langgeng, ngalaksanakeun pagaweanana djadi kembangna film dina djero lima taoen katoekang.

Noe djadi screen director, noe djadi pangarang tjarita, noe djadi pangarang musical comedy noe djadi pangarang populair moziek djeung noe digarawe di na kalangan technies di fabriek na William Fox, meunang ngaran anoe hade sarta tangtoe matakna aja noe kabita dina leidingna sarta succesna.

Hasil tina tanagana ieu pagawe noe otakna loear biasa tea ajeuna geus bisa njieun 34 film biasa sarta tangtoe sakabeh publiek bakal tereh ngalaladjoan dina taoen ieu keneh, kitoe deui film-filmna noe barisa ngomong. Eta gambar gambar noe biasa tea, sanadjan henteu djeung ngaromongna, tapi tetep njitjingan poentjakna goenoeng loetjoe, aja dina sagara endah.



KOKI NOE TABAH.

Bisana Vilma Banky ngingeunahkeur ka lalaki lain bae koe kelet noe matak kapelet, koe imoet noe matak katoeroet, tapi oge koe djalan ngaolaan noe rek dahar, njieun roepa roepa ka olahan.

Toch geuning sakitoe pinterna, teu aja kagok keur njieun koeweh dahareun. Rod La Roque.



OPAT KILAT.

Scene tina film „The Wild Party": Clara Bow, Adrienne Dore, Alice Adair djeung Jean Lorraine.

*Pikeun NAPASNA Dagblad Sipatahoenan taja sanes moeng SATIANA para djoeragan koe ngintoenan waragadna.*